# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

## Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы Президент, дөретиўшилик ҳәм қәнигелестирилген мектеплерди раўажландырыў агентлиги ҳәм Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 26-майдағы 52- ҳәм 46 кк-санлы қоспа қарарын орынлаў ҳаққында

Өзбекстан Республикасы Президентиниң “Президент мектеплерин шөлкемлестириў ис-иләжлары ҳаққында” 2019-жыл 20-февралдағы ПҚ-4199-санлы қарарының орынланыўы бойынша өткерилген Президент мектеплериниң жумысларын шөлкемлестириў комиссиясы мәжилисиниң 2021-жыл 3-майдағы 7-санлы баянламасында белгиленген ўазыйпалардың орынланыўын тәмийинлеў мақсетиндеги Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы Президент, дөретиўшилик ҳәм қәнигелестирилген мектеплерди раўажландырыў агентлиги ҳәм Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 26-майдағы 52- ҳәм 46 кк-санлы қоспа қарарын басшылыққа алыў ҳәм орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде **буйыраман:**

**1.** Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы Президент, дөретиўшилик ҳәм қәнигелестирилген мектеплерди раўажландырыў агентлиги ҳәм Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 26-майдағы 52- ҳәм 46 кк-санлы қоспа қарары басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

**2.** 2021-2022-оқыў жылына Президент мектебине ҳүжжетлерди қабыл етиў мәселелери бойынша министрликтиң исши топар қурамы қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

**3. Министрликтиң тийисли бөлимлери ҳәм барлық район(қала) лық халық билимлендириў бөлимлерине:**

2021-2022-оқыў жылында Президент мектебине ҳүжжетлерди қабыл етиў менен байланыслы болған процеслерди Нөкис қаласындағы Президент мектеби ҳәкимшилиги менен биргеликте шөлкемлестириў;

**үш күн мүддет ишинде** Президент мектебине ҳүжжетлер қабыллаў, кириў имтиханларын өткериў тәртиби бойынша ата-аналар ҳәм муғаллимлер арасында үгит-нәсиятлаў жумысларын әмелге асырыў, атап айтқанда, ҳәр бир мектеп жәмәәти, класс басшылары арқалы оқыўшылар ҳәм олардың ата-аналарын Президент мектебине қабыллаў тәртиби ҳаққында хабардар етиў;

ҳәр бир район(қала) халық билимлендириў бөлимлери баслығының орынбасары, Улыўма орта билим бериў мәкемелери жумысларын муўапықластырыў секторы қәнигеси, кадрлар бөлими баслығы ҳәм пән методистлеринен ибарат исши топар (ШТАБ) шөлкемлестирген ҳалда талабанлардың ҳүжжетлерин Президент мектебине **ariza.piima.uz** сайты арқалы тапсырыўға көмеклесиў;

2021-2022-оқыў жылында Президент мектеплерине кириў имтиханларында қатнасатуғын талабанлардың 2020-2021-оқыў жылы жуўмағы бойынша өзлестириў көрсеткишлери ҳаққындағы мағлыўматларды, оқыўшылардың баҳалар табелиниң тийисли бетиниң көширмеси (нусхасы) билимлендириў мәкемесииниң гербли мөри ҳәм директор қол таңбасы менен тастыйықланған ҳалда оқыўшыларға бериў ҳәм көрсетилген мағлыўматлардың ҳақыйқыйлығын тәмийинлеў.

Бунда, улыўма орта билим бериў мәкемелериниң 4-, 5-класс баҳалар табели тийкарында тийисли STEAM пәнлери *(математика, биология (табияттаныў), информатика ҳәм хабар технологиялары)* бойынша 2020-2021-оқыў жылын айрықша баҳалар менен тамамлаған оқыўшылардан ҳүжжет қабыл етилиўин нәзерде тутыў;

**бес күн мүддет ишинде** Президент мектебинде жумыс ислеўге қәлеўин билдирген жергиликли муғаллимлер ҳәм қәнигелерди таңлаў тийкарында таңлап алыў тәртиби бойынша үгит-нәсиятлаў жумысларын әмелге асырыў;

**2021-жыл 25-август сәнесине шекем** Президент мектебине оқыўға кириў итиханларының 2-басқышында жақсы нәтийжелерди қолға киритken, бирақ өтиў балын қолға кирите алмаған талабанларды район(қала) лық халық билимлендириў бөлимлерине қараслы болған қәнигелестирилген мектеплерге имтихансыз қабыл етиў иләжларын көриў ўазыйпалары жүклетилсин.

**4. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң Қадағалаў ҳуқықый Хызмети Қарақалпақстан аймақлық секторы бас қәнигеси (Б.Асқаров)** Агентлик исши топары, Нөкис қаласындағы Президент мектеби ҳәкимшилиги менен биргеликте оқыўшылар баҳалар табели ҳәм мағлыўматнама формасын ҳүжжетлестириўде қәлбекилестириўдиң алдын алыў ҳәмде сондай жағдай жүз берген жағдайда белгиленген тәртипте жуўапкершиликке тартыў шараларын көрсин.

**5. Улыўма орта билим бериў мәкемелери жумысларын муўапықластырыў бөлими (М.Асеметдинов) не:**

2021-2022-оқыў жылында Президент метебине кириў имтиханларын өткериў ушын халық билимлендириў тараўындағы билимлендириў мәкемелериниң басшы ҳәм педагог хызметкерлерин топар қадағалаўшылары сыпатында тартыў;

топар қадағалаўшыларының белгиленген мүддетлерде кешикпестен имтихан өткерилетуғын имаратларға жетип келиўлерин тәмийинлеў ўазыйпалары тапсырылсын.

**6. Министрликтиң Баспа сөз хаткери (Т.Даўлетмуратов)** Президент мектебине ҳүжжетлерди қабыл етиў ҳәм кириў имтиханлары менен байланыслы мағлыўматларды министрликтиң рәсмий веб сайты (www.kkedu.uz) ҳәм телеграмм каналларында жарытып бериў иләжларын көрсин.

7. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а Қ.Бекбаулиевқа жүкленсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы,
2021-жыл 27-май
128 - санлы

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI
KEN'SE
HU'JJETLERI

ҚР ХБМ ниң 2021-жыл 27-майдағы 128-санлы буйрығына қосымша:

**2021-2022-оқыў жылына Президент мектебине ҳүжжетлерди қабыл етиў мәселелери бойынша Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң исши топар қурамы**

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | Қ.Бекбаулиев | - | министрдиң 1-орынбасары ў.ў.а.-исши топар баслығы |
| 2 | М.Асеметдинов | - | Улыўма орта билим бериў мәкемелери жумысларын муўапықластырыў бөлими баслығы-исши топар баслығы орынбасары |
| 3 | С.Жуманиязов | - | Кадрлар бөлими баслығы,_исши топар ағзасы |
| 4 | С.Ниетуллаев | - | Методикалық хызмет бөлими методисти, исши топар ағзасы |
| 5 | Ф.Қаниязова | - | Методикалық хызмет бөлими методисти, исши топар ағзасы |
| 6 | С.Турганбаева | - | Методикалық хызмет бөлими методисти, исши топар ағзасы |
| 7 | Ф.Калхназаров | | Республикалық оқыў-методикалық орайы методисти, исши топар ағзасы |
| 8 | А.Жоламанов | | Республикалық оқыў-методикалық орайы методисти, исши топар ағзасы |
| 9 | Д.Тажетова | | Республикалық оқыў-методикалық орайы методисти, исши топар ағзасы |